

## Admisyon nan lekòl segondè kòmanse – Aplike pou pita 4 desanm!

Chè fanmi,

Peryòd aplikasyon lekòl segondè a kòmanse kounye a, epi delè pou aplike a se **mèkredi 4 desanm 2024**. Elèv ki nan klas uityèm ane kounye a (ak elèv ki nan klas nevyèm ane pou premye fwa ki enterese) nan Vil Nouyòk ka aplike.

Men kijan:

### 1. Konekte sou kont [MySchools.nyc](https://myschools.nyc.gov) ou a pou eksplòre lekòl segondè yo epi aplike

- Si ou te itilize MySchools pou aplike nan lekòl deja, kont ou a toujou aktif. Ou ka konekte sou li avèk menm adrès imèl ou te itilize lè sa a.
- Si ou pa gen yon kont aktif, w ap bezwen yon kòd inik pou kreye yon kont pou jwenn aksè nan aplikasyon lekòl segondè pitit ou a. Sa a ekri nan lèt byenveni pitit ou a, ke ou ka jwenn nan men konseye lekòl li a.
- Ou bezwen èd pou kreye yon kont? Gade [videyo machaswiv](#) sa a.

### 2. Jwenn enfòmasyon sou lekòl segondè ak pwogram admisyon yo.

- **Eksplòre Pwogram yo:** Chèche nan [MySchools.nyc](https://myschools.nyc.gov) pou jwenn pwogram yo dapre sa w renmen, kote yo ye ak lòt bagay ankò. Paj chak pwogram gen ladan kijan li fè òf ak si ou bezwen fè nenpòt etap anplis, tankou pa egzanp yon odisyon oswa lòt travay. Sou sitwèb nou an, aprann kijan pou fè odisyon ([schools.nyc.gov/HSAuditions](https://schools.nyc.gov/HSAuditions)) ak kòman elèv resevwa òf nan pwogram ki evalye dosye (screened) ([schools.nyc.gov/ScreenedHS](https://schools.nyc.gov/ScreenedHS))
- **Vizite lekòl yo:** W ap jwenn plis enfòmasyon sou lekòl ki enterese w yo lè w ale nan jounen pòt ouvèt (open house) oswa vizit lekòl. Ou ka gade kalandriye aktivite MySchools yo ([myschools.nyc.gov/calendar](https://myschools.nyc.gov/calendar)) pou jwenn kilè k ap jounen pòt ouvèt ak sesyon enfòmasyon. Ou ka ale tou sou yon sitwèb lekòl oswa kontakte yo dirèkteman pou jwenn plis enfòmasyon.

### 3. Asire ou aplike pou pita 4 desanm!

- Ajoute jiska 12 chwa sou aplikasyon pitit ou a nan MySchools. Mete pwogram sa yo nan **vrè lòd preferans** ou, kòmanse avèk sa ou pi renmen an kòm #1.
- *Bagay nouvo ane sa a!* Nou ankouraje aplikan yo pou voye yon aplikasyon konplè ale ki gen ladan 12 chwa. Men, si yon fanmi gen lòt pwogram ki enterese yo, yo ka ajoute yo nan aplikasyon yo kòm yon trèzyèm chwa, katòzyèm chwa, etc. Pa gen yon limit sou kantite pwogram ou ka ajoute.
- *Bagay nouvo ane sa a!* Kounye a, MySchools prevwa si yon aplikan pa gen anpil chans, gen chans plizoumwen oswa gen anpil chans pou jwenn yon òf nan pwogram patikilye lekòl segondè yo. Itilize enfòmasyon sa yo pou kreye yon aplikasyon byen balanse ki gen ladan pwogram ki gen anpil opòtinite pou pitit ou a. Jwenn plis detay la a: [schools.nyc.gov/offerchances](https://schools.nyc.gov/offerchances)

- Ou ka voye aplikasyon lekòl presegondè w la ale nan youn nan fason sa yo:
  - Sou entènèt nan [MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov)
  - Atravè konseye lekòl pitit ou a ye kounye a
  - Nan yon Sant byenveni pou fanmi (Family Welcome Centers, FWC) ([schools.nyc.gov/FWC](https://schools.nyc.gov/FWC))

Tanpri sonje nèf **lekòl segondè espesyalize** (Specialized High Schools) ([schools.nyc.gov/SHS](https://schools.nyc.gov/SHS)) ki gen pwosesis admisyon apa ki kòmanse jodi a tou! Lekòl sa yo p ap parèt kòm opsyon nan aplikasyon jeneral lekòl segondè a.

- **LaGuardia High School** gen pwòp aplikasyon pa li nan MySchools. Si w enterese, ranpli fòm aplikasyon LaGuardia a epi voye odisyon ou a ale pou pita **mèkredi 4 desanm**. Jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis odisyon an la a: [schools.nyc.gov/HSAuditions](https://schools.nyc.gov/HSAuditions).
- **Rès lekòl segondè espesyalize yo** pran elèv dapre nòt yo fè nan egzamen admisyon lekòl segondè espesyalize (Specialized High Schools Admissions Test, SHSAT).
  - Enskripsyon pou egzamen SHSAT a ouvri kounye a. Pou aplike nan nenpòt oswa nan tout lekòl sa yo, fè enskripsyon w lan, tankou lekòl ou pi pito yo pou pi ta **vandredi 18 oktòb**. Tès pou fè pratik, dat egzamen ak adrès egzamen yo disponib nan [schools.nyc.gov/SHS](https://schools.nyc.gov/SHS)
  - Pita ann otòn lan, elèv ki enskri yo ap resevwa yon tikè egzamen ki gen enfòmasyon li ki konfime lè ak ki kote yo pral pran egzamen an nan mwa novanm oswa desanm.
- **Patisipe nan yonn nan aktivite admisyon andirèk, vityèl nou yo!** Tanpri asire w patisipe nan youn nan sesyon admisyon vityèl nou yo. Pandan sesyon sa yo, n ap fè yon rezime sou pwosesis admisyon an, depi nan kòman pou ale sou kont MySchools ou a rive nan meyè fason pou ranpli aplikasyon an. Ale nan [schools.nyc.gov/HS](https://schools.nyc.gov/HS) pou jwenn plis enfòmasyon ak lis konplè aktivite yo.

**Ou bezwen èd avèk kont [MySchools](https://www.myschools.nyc.gov) ou a, kòd inik pou kreye kont pitit ou a oswa avèk aplikasyon w lan? Ou gen lòt kesyon sou admisyon?** Nou la pou nou ede w! Pale avèk konseye lekòl pitit ou a, ale nan yon aktivite admisyon oswa kontakte yon Sant Byenveni pou Fanmi ([schools.nyc.gov/FWC](https://schools.nyc.gov/FWC)).

Bon siksè,

Ekip admisyon lekòl segondè a  
Biwo enskripsyon elèv



**Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè nan [schools.nyc.gov/SignUp](https://schools.nyc.gov/SignUp).

**Si w vle retire non w sou** lis mesaj pou admisyon nan lekòl segondè, tanpri klike [la a](#).